



PWOSÈ VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP TRAVAY SOU EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

jeudi 17 juin 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans jeudi 17 juin 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimere anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Egzamen admisyon lekòl manm gwoup travay la ki prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis, Ko-Prezidan Tanisha Sullivan, Acacia Aguirre, Simon Chernow, Matt Gregor, Tania Freeman-Wisdom, Katherine Grassa, Zena Lum, Rachel Skerritt, ak Rosann Tung.

Manm gwoup travay egzamen admisyon lekòl yo ki absan: Samuel Acevedo; Zoe Nagasawa; ak Tamara Waite.

Pèsonèl BPS ki Prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

Ajanda:

[Pwosè vèbal reyinyon yo: Reyinyon 11 Jen 2021 an](#)

Mizajou Exams School Simulations avèk konparezon kòd postal yo.

OUVÈTI REYINYON AN

Mesye Contompasis te deklare reyinyon an ouvè. Li te anonsé ke gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, kantonè, mandaren, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entèprèt yo pral prezante tèt yo epi

jeudi 17 juin 2021

bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Mesye Acevedo, Madam Nagasawa, ak Madam Waite te absan. Madam Aguirre, Mesye Chernow, ak Mesye Gregor te rive apre apèl la.

DISKISYON

Madam Hogan te prezante yon demann done ki ankou. Li te montre yon fèy kalkil ki te reflete kijan nivo yo te reflete enpak sou divèsite katye, alafwa pou 20% nan echèl vil la, 80% klasman dirèk pa nivo, konsa tou 100% klasman dirèk pa nivo. Sa ki te ajoute a se de (2) onglè adisyonèl ki egzamine diferans ant rezulta similasyon yo ak diferan done istorik yo.

Madam Sullivan te ouvri konvèzasyon sou yon evalyasyon pou admisyon ane lekòl 2022-2023 yo, ki rekonèt ke vil la t'ap toujou sibi enpak Covid-19 la.

Madam Grassa te bay yon apèsi sou lè tès la te rive bay nan yon ane nòmalè Li te deklare tès Map la te rive bay nan lotòn nan ak nan prentan ak potansyèlman nan livè. Li te deklare tès Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Assessment System, MCAS) te rive bay nan lotòn alafwa 5èm ak 6èm ane. Madam Skerrit te ajoute nan kalandriye fanmi yo te resevwa divès notifikasyon konsènan lekòl egzamen yo nan Mas e tout reta nan rezulta yo t'ap egalman fè enpak sou rezulta lôt lekòl yo nan distri a. Li te deklare tou yo ta dwe konsyan ke nòt MCAS yo t'ap egzamine yo, t'ap pa elèv 5èm ane yo.

Madam Skerrit te poze kesyon sou mezi kwasans lan ak sou kijan li alinye ak yon endikasyon preparasyon nòt yo. Li te agimante ke si sèlman kwasans te evalye, elèv la ta kapab toujou montre kwasans ak pou li anba nivo klas li. Madam Sullivan te deklare NWEA te endike kòm kwasans MAP la te alinye avèk MCAS, NWEA ta kapab travay avèk distri a pou idantifye sa sèy la t'ap ye pou detèmine ke yon elèv t'ap pèfòme nan nivo klas li.

Mesye Contompasis te deklare li pa alèz avèk itilizasyon kwasans lan kòm yon faktè epi ke yo te dwe pran elèv non-Boston Public School (BPS) yo an konsiderasyon.

Manm yo te pale sou posibilité pou itilize kòm yon kritè metriz MCAS 5èm ane oubyen pi bon, oubyen nòt matematik ak ELA B oubyen pi byen. Mesye Contompasis te panse sa ta kapab pwblematik, paske elèv BPS yo t'ap genyen de fason elijibilite ki konpare ak elèv non-BPS yo.

Mesye Contompasis te sigjere ke tout elèv yo t'ap genyen pou pase tès MAP la nan objektif pou detèmine nivo preparasyon yo e ak mwayèn pondere kimilatif la (Grade Point Average, GPA) kòm mekanism yo t'ap itilize pou chwazi elèv yo. Li te sigjere tou si yon elèv te genyen yon mwayèn kimilatif ki siperyè a 3.0 GPA epi ki te mal teste, yo t'ap toujou gen posibilité pou antre nan gwoup kandida.

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòl sou Zoom

jeudi 17 juin 2021

Madam Sullivan te deklare ke youn nan ekspè ki te pale ak Gwoup Entèvansyon an te mansyone itilizasyon yon evalyasyon kòm yon zouti pou verifye oubyen valide yon GPA elèv. Li te deklare tou ke li te klè bò kote chèf etablisman yo ke yo te preyokipe pa preparasyon elèv yo ak nivo klas yo.

Madam Lum te sigjere ke genyen yon sèy MAP 5èm ane, oubyen yon GPA ki reponn ak reyisit nivo klas la pou antre nan gwoup kandida yo, aprè sa itilize tès MAP 6èm ane elèv yo, ak mwayèn pondere kimilatif yo, nan objektif pou detèmine kilès nan gwoup kandida yo ki resevwa envitasyon yo.

Doktè Freeman-Wisdom te rekòmande pou itilize yon evalyasyon pou verifye preparasyon nivo klas la, epi apre sa aplike GPA a. Li te di li te panse ke chak elèv ta dwe pase yon evalyasyon pou nòt yo kapab verifye. Li t'ap itilize tou GPA kòm yon klasman dirèk.

Doktè Tung te fè referans ak yon konferansye publik epi te deklare ke yo ta dwe asepte aprenan lang anglè yo (English Language Learners, ELL) nan lekòl egzamen yo paske rechèch montre ke lè aprenan yo vin metrize anglè, yo fè byen menm jan oubyen pi byen pase lokitè anglè natif yo sou yon gam endikatè. Li te deklare tou sa te rezon ki fè li pa t kwè nan itilizasyon yon evalyasyon kòm sa ki te ekskli aprenan anglè yo ak elèv ki andikape yo. Mesye Chernow te dakò avèk doktè Tung sou lefèt ke distri a pa t enklizif pou elèv ELL yo oubyen elèv nan edikasyon espesyal yo.

Madam Skerrit te ajoute ke sa te egalman yon preyokipasyon lè li t'ap pale sou yon esè ak lòt endikatè subjektif, paske yo tout te favorize kandida rich yo. Li te deklare ke senpleman paske lang yon elèv t'ap devlope, sa pa t vle di ke elèv sa yo pa t nan nivo klas yo, epi se menm bagay la pou elèv edikasyon espesyal yo. Madam Grassa te deklare ke yo ta kapab pwopoze tès la nan plizyè lang, epi pwopoze yon altènatif oral ak elèv yo.

Madam Sullivan te deklare li ta kapab asepte sigjesyon pou itilize evalyasyon an kòm sèy la pou entegre gwoup la epi itilize GPA kòm klasman pou detèmine lòd kote yon elèv t'ap genyen opòtinite pou chwazi plas yo.

Manm yo te pale sou sipò pou elèv Aprenan Anglè yo, ak elèv ki gen Plan Edikatif Endividyalize yo (Individualized Educational Plans, IEP) ak akomodasyon nan twa lekòl egzamen yo.

Madam Sullivan te mande manm yo sa yo te panse sou itilizasyon evalyasyon kwasans MAP kòm yon kalifikatif pou gwoup la; distri a t'ap bezwen pou travay avèk NWEA pou detèmine sa sèy la t'ap ye pou reflete elèv ki nan nivo klas yo oubyen pi wo. Mesye Gregor te di li te alèz avèk plan sa.

Aprè kèk diskisyon ant kèk manm, yo te rive nan posibilité pou genyen divès elèv pou itilize MCAS oubyen MAP pou kalifye pou gwoup la. Pou elèv non-BPS yo, yo t'ap chita pou de (2) òf kwasans MAP. Madam Aguirre te ouvri pou genyen tès kwasans MAP la epi pou genyen plis pase yon fwa. Li te fè yon miz-an-gad sou moman ane a pou pase tès la.

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòl sou Zoom

jeudi 17 juin 2021

Mesye Contompasis te mande si yo t'ap pale sou plizyè evalyasyon oubyen plizyè esè nan menm evalyasyon an, epi te mande kòman pou asire ke elèv non-BPS yo te genyen menm opsyon. Madam Grassa te di yo ta dwe genyen de administrasyon jou samdi pou elèv sa yo.

Manm yo te diskite longman sou kantite tès MAP yon elèv te ka pase, nan ki moman ak nan ki moman nan ane ak nan klas la. Yo te diskite tou sou kesyon pou konnen si elèv yo te kapab kalifye pou MAP menm si yo pa t kalifye pou gwoup la apati de MCAS nòt 5èm ane yo a.

Madam Sullivan te sigjere pou gade nan MAP prentan 5èm ane a oubyen MAP lotòn 6èm ane ki t'ap bay elèv yo de opòtinite pou demontre pèfòmans nivo klas la, menm si yo te sèlman bezwen youn.

Mesye Chernow te di li pa t wè bezwen pou wè lòt bagay si nòt elèv yo te 3,0 oubyen pi bon. Li te panse tou ke si elèv yo te pase MCAS la, li te sanble kont entuitif pou fè yo pase yon lòt tès.

Mesye Grassa te esplike li t'ap sipòte itilizasyon nòt yo ak evalyasyon an, paske li bay yon opòtinite ak elèv ki petèt pa t jwenn plas pa yo nan klas la, men nan nivo klas la oubyen elèv ki petèt pa pi bon kandida men ki nan nivo klas la. Li te ajoute ke se yon fason pou jwenn yon balans.

Doktè Tung te di youn nan opsyon yo te ka yon tès, yon lòt GPA, yon lòt repons kout avèk yon ribrik, epi katriyèm opsyon an te ka yon wòck kwen.

Mesye Contompasis te di kijan li te enpòtan pou kenbe pwosesis la senp ak transparan. Li te raple tou ak manm ansyen gwoup travay la ke yo te gade nan rezulta MCAS 4èm ane yo pou reponn ak depase nivo a epi rezulta yo pa t bon. Li te pwopoze ke tout elèv yo te pase tès MAP la nan Novanm, kòm yon tès sèy. Si yon elèv te pase yon movè jounen nan tès MAP la epi te fè yon mwayèn kimilatif (GPA) 3.5 oubyen pi bon avèk validasyon yon edikatè lefètke se yon elèv trè pwometè, li ta kapab antre nan gwoup kandida yo. Li te ajoute ke yon lòt altènatif se te sigjesyon Madam Nagasawa pou yon opòtinite pòtfèy.

Madam Aguirre te di li te dakò avèk doktè Tung ke ta dwe genyen plizyè fason pou elèv yo montre sa yo ta kapab fè. Li te eskprime preyokipasyon avèk wòch kwen an ak pòtfèy la, paske sa t'ap bay plis opòtinite ak plis elèv privilejye avèk plis aksè.

Madam Sullivan te mande manm yo si te genyen konsansis pou itilize MAP kòm yon evalyasyon sèy pou entegre gwoup la, epi bay elèv yo opòtinite pou fè tès la de fwa nan 6èm ane.

Madam Skerrit pa t dakò pou pa ta genyen okenn presyon sou edikatè yo pou yo validatè, paske sa t'ap mete desizyon k'ap pran yo nan men yon ti kantite pwofesè, ki se te menm moun ki te alwe nòt yo.

Doktè Tung te di li pa t dakò avèk sigjesyon Mesye Contompasis la epi li te kwè kalifikatè pou entegre gwoup la ta dwe swa MCAS, MAP oubyen GPA.

Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòl sou Zoom

jeudi 17 juin 2021

Madam Skerrit te di li t'ap sipòte pwopozisyon premye opòtinite pou yon tès se MCAS 5èm ane, paske tout elèv BPS yo ak lòt elèv non-BPS yo te pase li detout fason. Li te panse te genyen yon presedan pou MCAS aprè ane sa. Sa t'ap itilize kòm yon sèy. Apre sa elèv yo t'ap genyen plizyè opòtinite MAP nan lotòn ak livè. Li te panse ke ta dwe genyen divès opòtinite pou elèv yo ki gen mwayèn elve yo ki ta kapab manke enpe sèy la.

Mesye Gregor te di li ouvri pou opsyon sa yo. Li te di ke ta kapab genyen yon opòtinite pou elèv ki pa t frekante BPS pou pran yon MAP nan prentan 5èm ane.

Madam Sullivan te mande manm yo si yo ta kapab dakò sou kritè swivan yo: evalyasyon an t'ap itilize kòm yon kalifikatè pou entegre nan gwooup la, sa t'ap dwa atravè MCAS 5èm ane yo a, oubyen nòt MAP 6èm ane yo a nan lotòn nan. Doktè Tung ak Mesye Chernow te di yo pa t dakò avèk opsyon sa.

Madam Sullivan te di ke li te swete pou jwenn yon konsansis men si yo pa t fè sa, yo pral gen obligasyon pou vote. Manm yo te diskite posibilité pou ajoute yon nouvo reyinyon nan kalandriye a pou pran desizyon final pa yo sou rekòmandasyon an.

KÒMANTÈ PIBLIK JENERAL

- Stephanie Shapiro Berkson, rezidan South End, paran Eliot ak Boston Latin School (BLS), te temwanye pou sipòte travay Gwoup Entèvansyon an.
- Steve Yang, rezidan West Roxbury, paran, te temwanye pou kesyone kalifikasyon manm Gwoup Entèvansyon yo.
- Peter Piazza, rezidan Somerville, Massachusetts Consortium for Innovative Education Assessment (Konsòtyòm pou Evalyasyon Edikasyon Inovativ Massachusetts), te temwanye an favè itilizasyon yon tiraj osò nan egzamen admisyón lekòl yo.

KÒMANTÈ FINAL YO

Doktè Tung te reponn kòmantè Mesye Yang yo. Li te rezime vas eksperyans pwofesyonèl li nan edikasyon ki akse sou ekite ak jistis. Li te deklare tou li te refize fè pati resi redije pa sipremasi blan ki opoze ak gwooup ki istorikman majinalize youn ak lòt pou Blan yo kapab rete nan tèt.

RANVWAYE

Vè apeprè 08:30 pm, Komite a te vote a inanimite, pa apèl nominal, pou ranvwaye reyinyon an.

Ateste:



**Reyinyon a distans Gwoup Travay la sou Egzamen Admisyon Lekòl sou
Zoom**

jeudi 17 juin 2021

Lena Parvex
Asistan administratif